



Yellow Fever

Kisa ki Lafyèw Jòn nan?

Lafyèw jòn nan se yon mikwòb ki transmèt Lè moustik mòde ou. Viris lafyèw jòn prezan nan zòn twopikal ak sibtwopikal yo nan Afrik ak nan Amerik di Sid. Pou enfòmasyon ki pi resan sou prezans lafyèw jòn nan, vizite <https://wwwnc.cdc.gov/travel/page/yellow-fever-information>.

Kijan lafyèw jòn transmèt?

Lafyèw jòn nan transmèt ba moun Lè yon enfekte moustik Aedes oswa Haemagogus mòde ou. Moustik Aedes yo kapab tou transmèt deng, chikunguya ak zika. Moustik yo vin enfekte lè yo nourri sou yon primat ki enfekte (imen oswa ki pa imen) epi ansuit yo ka transmèt li bay lòt primat. Moun ki enfekte yo vin kontajye soti yon ti tan anvan kòmansman yon lafyèw jiska 5 jou apre kòmansman sentòm yo.

Kisa sentom yo ye?

Pifò moun ki enfekte yo gen sentom ki modere oswa yo pa gen okenn sentom. Si gen sentom, yo gen nòmalmàn ladan yo:

- Kòmansman sibit lafyèw
- Frison
- Gwo maltèt
- Doulè nan do
- Doulè jeneral nan kò
- Kè plen
- Vomisman
- Fatig (santi san fòs)
- Feblès

Pifò moun ak premye sentom yo pral fè mye nan yon semèn. Kèk moun ka kontinye fè eksperyans feblès ak fatig pandan plizyè mwa. Kèk moun pral devlope yon fòm maladi a ki pi grav. Sentom grav yo gen ladan yo:

- Gwo lafyèw
- Po jòn (Lajonis)
- Senyen
- Chòk
- Ògan an defayans

Maladi grav lafyèw jòn kapab vin mòtèl. Se poutèt sa, tout moun ki devlope sentom lafyèw jòn yo apre yo te vwayaje oswa viv nan zòn ki a risk pou viris la ta dwe wè founisè swen sante yo. Yon fwa ou te fin enfekte, ou gen chans pou jwenn pwoteksyon kont enfeksyon a lavni yo.

Konbyen tan li pran pou sentòm yo parèt?

Pifò moun pa pral devlope sentom yo. Pou moun ki devlope sentom yo, lè kote yon moustik ki enfekte te mòde yo a jiska kòmansman sentom se nòmalmàn ant 3 a 6 jou.

Kijan lafyèw jòn dyagnostike?

Tès laboratwa ka konfime prezans viris la. Si ou te vwayaje nan yon zòn ki a risk pou lafyèw jòn epi ou genyen sentom yo, pale ak founisè swen sante ou tousuit.

Kijan lafyèw jòn trete?

Pa gen medikaman pou trete oswa geri lafyèw jòn. Moun yo ki enfekte ta dwe pran anpil repo, bwè likid pou anpeche dezidratasyon, epi pran medikaman pou redui lafyèw ak doulè. Ou ta evite Aspirin ak lòt medikaman anti-enflamatwa non-estewoid (NSAIDs, tankou ibuprofen oswa naproxen) pou ka redui risk senyen. Moun ki genyen sentom grav yo ta dwe entènè lopital pou obsèvasyon atansyon ak swen sipòtif.

Èske moun ka prevni lafyèv jòn?

Wi. Pran vaksen epi evite Kite moustik pike ou! Vaksen an rekòmande pou moun laj 9 mwa ak pi gran ki ap vwayaje oswa ap viv nan zòn a risk yo pou viris lafyèv jòn. Yon sèl dòz vaksen an bay pwoteksyon pou lavi pou pifò moun. Vaksen kont lafyèv jòn kapab obligatwa pou antre nan kèk peyi. Pou wè kondisyon vaksinasyon ak rekòmandasyon yo pou peyi espesifik yo, vizite <https://wwwnc.cdc.gov/travel/destinations/list>.

Èske vaksen kont lafyèv jòn san danje?

Wi. Vaksen an te disponib pou plis pase 80 lane. Vaksen an se yon fòm vivan, febli viris la yo bay yon sèl piki.

Ki moun ki PA ta dwe pran vaksen kont lafyèv jòn nan?

Tibebe yo ki poko gen laj 6 mwa pa ta dwe pran vaksen an. An plis, tout ki fè gwo alèji ak nenpòt pati nan vaksen an, tankou ze, pwotein poul, oswa jelatin pa ta dwe pran vaksen an. Si ou gen nenpòt nan kondisyon ki anba a yo, pale ak founisè swen sante ou pou deside si ou dwe resevwa vaksen an:

- VIH/SIDA oswa lòt maladi ki afekte sistèm iminitè ou
- Sistèm iminitè ki febli (akòz kansè oswa lòt kondisyon medikal, grèf, oswa tretman medikaman ki afekte fonksyon iminitè)
- Twoub Timis
- Adilt laj 60 an oswa pi gran
- Tibebe laj 6 – 8 mwa
- Fi ki ansent oswa manman k ap bay tete.

Fè etap ki anba a yo pou evite piki moustik:

- Bagay ki pi enpòtan ou ka fè a se anpeche piki moustik lè ou deyò nan yon zòn ki gen moustik yo:
 - Itilize yon anti-moustik. Anti-moustik yo EPA apwouve gen ladan yo sa yo ki gen DEET, lwil sitwon ekaliptis, Pikaridin oswa IR3535. Li enstriksyon yo ki sou etikèt pwodui a pou konnen ki prekosyon ki bezwen pran ak pandan konbyen tan pwodui a efektif.
 - Pa kite se timoun yo menm ki pase pwodui anti-moustik la sou kò yo. Pase pwodui anti-moustik la nan men ou epi fwote li sou timoun nan.
 - Pa pase pwodui anti-moustik yo sou je, bouch ak men timoun yo epi itilize pwodui a ak anpil prekosyon arebò zorèy yo.
 - Pa pase DEET sou tibebe yo (sèvi ak moustikè sou transpòte ti bebe yo) oswa lwil sitwon ekaliptis sou timoun anba laj 3 zan.
 - Lè tan an pèmèt sa, mete rad pwoteksyon tankou chemiz manch long, pantalon long, ak chosèt.
 - Itilize klimatizè oswa gri nan fenèt/pòt yo pou kenbe moustik yo deyò. Si sa nesèsè, dòmi anba yon moustikè.

